


Ki pi bon pratik nan lekòl la pou enklizyon elèv ki gen andikap yo?

Ki done ki disponib?

Lwa 2004 sou Edikasyon Moun ki gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act (IDEA) egzije pou ekip Plan Edikasyon Endividyèl (Individual Education Plan, IEP) yon elèv ki gen yon andikap konsidere pousantaj tan elèv ki gen andikap la pase ak kanmarad li ki pa gen andikap yo. Ekip la detèmine kisa anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment, LRE) ye pou chak elèv. LRE a pèmèt yo pase tan avèk kanmarad yo pou enstriksyon ak aprantisaj, pandan y ap resevwa enstriksyon ki fèt espesifikman pou satisfè bezwen yo.

Depatman Edikasyon Florida a kolekte done LRE yo nan nivo Eta a ak nan Distri yo ak lòt enfòmasyon sou elèv ki gen andikap yo. Yon rapò anyèl done sa yo disponib nan Rapò Pèfòmans Anyèl Ajans Edikasyon Lokal ak nan Eta a, yo ka jwenn nan <http://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/data/>. Done eskolè LRE yo disponib nan distri eskolè w la oswa nan lekòl pitit ou a. Kòm yon règ jeneral, plis pousantaj LRE a pi wo nan anviwònman klas regilye a, se plis li pwobab pou yon lekòl mete an plas pratik pou founi soutyen ki efikas nan klas la. Li toujou yon bon lide pou poze kesyon epi egzamine done yo!



Kijan lekòl pitit ou a evalye pi bon pratik yo?

Depi 2013, Lwa Florida yo te egzije pou chak lekòl ak distri swiv pwosesis evalyasyon pou Pi Bon Pratik pou Edikasyon Enklizif (Best Practices for Inclusive Education, BPIE) la omwen yon fwa chak twa (3) lane (seksyon 1003.57, Lwa Florida yo). BPIE lekòl la gen ladann 34 endikatè pi bon pratik yo pou enklizyon elèv ki gen andikap yo ki baze sou rechèch ekspè nan menm domèn nan te revize, literati aktyèl la, epi pi bon pratik yo atravè Florida epi entènasyonalman. Ekip eskolè yo, ki fòme ak plizyè moun ki gen enterè yo nan sa (tankou fanmi yo), evalye tèt yo an fonksyon nivo aplikasyon endikatè sa yo, epi apre sa yo chwazi priyorite yo pou aktivite ki sible, ki t a dwe gide planifikasyon efò pou amelyorasyon yo akoutèm ak alontèm.

Lidè lekòl yo konnen gen yon latriye varyab ki afekte rezilta elèv yo. Yo konnen tou chanjman nan yon sistèm pran tan. Pwosesis BPIE a fèt pou debouche sou devlopman objektif ki amelyore rezilta elèv yo alontèm. Administratè lekòl ou a kapab pataje avèk ou rezilta ak priyorite BPIE lekòl la ki pi resan an, ansanm ak aktivite espesifik lekòl la te planifye pou yon amelyorasyon ki sible amezi tan ap pase.

Pase tan nan lekòl pitit ou a, pale ak moun k ap travay la yo, epi obsève fason elèv yo entèraji se bon fason pou idantifye pi bon pratik yo.

Pou plis enfòmasyon sou BPIE lekòl la ak distri a, tanpri vizite www.FloridaInclusionNetwork.com.

Yon vizit eskolè - pèspektiv fanmilyal

Paran Amanda Griffin estrese. Ane lekòl la prèske fini epi Amanda gen pou li kite Central Middle School. Amanda se yon jenn fi ki aktif ki renmen bay bagay epi li gen anpil zanmi. Li gen yon twoub aprantisaj epi li gen difikilte sou plan akademik.

Chanjman pou ale nan lekòl segondè a mennen anpil kesyon pou Griffins yo: Èske Amanda gen pou l reyisi nan klas edikasyon jeneral li yo oswa èske l ap gen bezwen lòt klas edikasyon espesyal? Èske l ap kapab jwenn èd li bezwen an pou li pase evalyasyon eta a avèk egzamen pou li antre nan inivèsite a? Èske l ap kapab kenbe konfyans sosyal li genyen an? Griffins yo konnen avni Amanda depann sou sa k ap pase nan lekòl segondè a.

Griffins yo deside mennen Amanda vizite West High School, kote li gen pou l ale nan sezon otòn nan. Lè yo rele pou pran yon randevou avèk direktè lekòl la, sekretè a te sijere yo pou prevwa ase tan pou vizite kanpis la.

Aprè vizit yo, Griffins yo ak Amanda te pale nan machin nan sou enpresyon lekòl la te ba yo. Direktè/ Direktris lekòl la, Madam Sierra, te fè plizyè bagay ki te fè yo plezi. Li:

- Te diskite sou angajman li pou asire li chak elèv gen menm opòtinite yo pou aprantisaj nan klas edikasyon jeneral lekòl segondè yo.
- Te mande Amanda ki bagay ki te ede li gen siksè nan Central Middle School.
- Te envite fanmi Griffins lan pou pwograme yon lòt randevou avèk pwofesè edikasyon espesyal la pou revize objektif IEP Amanda yo epi diskite sou fason pou soutni li nan tranzisyon li nan lekòl segondè a.
- Te pran angajman pou l soutni pwofesè edikasyon espesyal ak edikasyon jeneral yo pandan yo t ap travay ansanm pou anseye Amanda ak lòt elèv yo nan klas li yo.
- Diskite sou kijan yo tout kapab travay an patenarya pou simonte nouvo defi yo.
- Te pataje pwennvi li sou elèv ki gen andikap yo antanke elèv ki nan edikasyon jeneral dabò.

Griffins yo ak Amanda te bat bouch tou sou kèk nan bagay yo te obsève pandan vizit yo a nan lekòl la:

- Anpil sal klas te gen de (2) pwofesè k ap travay ansanm nan yon latriye fason.
- Tout elèv yo t ap aprann ansanm epi travay sou pwojè yo an ti gwoup.
- Tout elèv yo t ap manje ansanm epi sosyalize pandan aktivite manje midi yo.
- Te gen anpil afich sou kanpis la ki ankouraje elèv yo pou youn respekte lòt epi valorize diferans yo.
- Tou elèv yo te resevwa envitasyon pou yo patisipe nan klèb yo.
- Yon pwogram “Kanmarad yo antanke Patnè nan Aprantisaj” t ap founi soutyen aktivman nan sal klas edikasyon jeneral yo pou elèv ki gen andikap yo.

Fanmi Griffins lan te pwograme yon reyinyon avèk pwofesè edikasyon eksepsyonèl la epi yo tout te santi yo optimis pou ane k ap vini an. Amanda ap panse li t a kapab menm eseye jwe nan ekip sòfbòl dezyèm divizyon an.



Pi bon pratik yo an aksyon

Kidonk, kijan lekòl yo travay pou asire y ap aplike pi bon pratik yo pou enklizyon elèv ki gen andikap yo? Gade epi koute s siy sa yo:

Anviwònman lekòl la

- Èske tout elèv yo ale nan lekòl ki nan katye yo a?
- Èske yo itilize langaj ki mete moun nan an premye* nan tout lekòl la? (<https://www.floridainclusionnetwork.com/wp-content/uploads/2022/09/Person-First-09.2022.pdf>)
- Èske tout elèv yo rive epi deplase an menm tan?
- Èske pifò elèv ki gen andikap yo enkli nan anviwònman edikasyon jeneral la 80% nan jounen an oswa plis pase sa?
- Èske anvan tout bagay yo konsidere elèv ki gen andikap yo tankou elèv edikasyon jeneral?
- Èske gen yon sistèm soutyen konpòtmantal ki an plas sou tout kanpis la nan lekòl la?
- Èske lekòl la planifye epi òganize aktivite ak evènman kontinyèl pou sansibilizasyon sou andikap yo?

Enstriksyon avèk soutyen nan klas yo

- Èske tout elèv yo gen aksè ak yon latriye resous ki pèmèt yo jwenn aksè ak pwogram nan?
- Èske tout pwofesè yo itilize yon latriye estrateji (ti gwoup, diferansyasyon, ko-ansèyman, soutyen kanmarad yo) pou anseye tout elèv yo?
- Èske Estanda Referans pou Ekselans Refleksyon Elèv (Benchmarks for Excellent Student Thinking) Florida a se baz enstriksyon an pou tout elèv yo?
- Èske yo itilize yon apwòch Konsepsyon Inivèsèl pou Aprantisaj (Universal Design for Learning)?
- Èske parapwofesyonèl yo gen yon plas enpòtan nan soutyen lekòl la?
- Èske yo founi sèvis yo, pami yo soutyen akademik yo ak terapi pou elèv ki gen andikap yo, nan anplasman ki varye?
- Èske pwofesè yo konprann diferans ki genyen ant akomodasyon ak modifikasyon?

Lidèchip ak kolaborasyon

- Èske yo detèmine desizyon konsènan anviwònman ansèyman yo an fonksyon bezwen endividyèl elèv yo olye etikèt yo oswa sèvis ki disponib yo?
- Èske lekòl la gen yon moun ki se yon ekspè nan pi bon pratik pou enklizyon elèv ki gen andikap yo?
- Èske pwogram eskolè elèv ki gen andikap yo baze sou soutyen ki nesèsè yo?
 - Èske pwofesè edikasyon espesyal yo fè pati ekip klas/depatman yo?
 - Èske lekòl la itilize yon pwosesis rezolisyon pwoblèm pou egzamine pwogrè elèv yo?
- Èske fanmi yo fè pati moun k ap pran desizyon yo?
- Èske yo akeyi fanmi yo nan lekòl la epi konsidere yo antanke patnè ki gen valè?
- Èske fanmi yo resevwa resous pou aprantisaj epi pou soutni pitit yo a lakay yo?
- Èske manm pèsònèl lekòl yo pataje yon atant pou nivo reyisit la ki wo pou tout elèv yo?
- Èske gen yon vizyon responsabilite ki pataje pou reyisit tout elèv nan lekòl la?


Relasyon

- Èske lekòl la konsantre li sou relasyon sosyal pozitif pou tout elèv yo?
- Èske elèv yo rezoud pwoblèm yo epi aprann ansanm?
- Èske yo bay tout elèv yo rekonpans avèk lonè pou akonplisman yo?
- Èske tout elèv yo resevwa soutyen yo bezwen yo pou yo kapab reyisi?
- Èske yo konsidere elèv ki gen andikap yo tankou manm total kapital nan kominote lekòl la?
- Èske tout elèv yo jwi opòtinite pou swiv sa ki entèrese yo epi fè plan pou avni yo?
- Èske tout elèv gen opòtinite pou youn sosyalize ak lòt pandan moman manje midi a, rekreyasyon yo, epi ant kou yo?



Eskane kòd QR la pou w li lòt dokiman Fanmi Ak Kominote Ansanm (Families And Communities Together, F.A.C.T) yo!

F.A.C.T FOLIO
Fostering Achievement and Community Together



Jwenn fasilitatè FIN ou an sou sit entènèt nou an:

www.FloridaInclusionNetwork.com

oswa rele 1-888-232-0421 san peye okenn frè.

Pataje pi bon pratik yo

Senaryo #1 - Mlekòl pitit mwen an pa gen yon modèl prestasyon sèvis ki founi soutyen nan klas pou elèv ki gen andikap yo.

Konsidere sa: Pataje siksè pitit ou a te genyen nan pase gras avèk soutyen nan klas la. Diskite sou fason ou ka travay kole-kole avèk pwofesè edikasyon espesyal ak edikasyon jeneral yo pou garanti gen opòtinite pou bay pitit ou a sèvis nan yon latriye anviwònman.

Senaryo #2 - Pitit mwen an gen difikilte pou l aprann konpetans ki nesesè pou l pare pou sal klas edikasyon jeneral la.

Konsidere sa: Pitit ou a aprann konpetans yo avèk plis efikasite nan anviwònman kote yo gen pou itilize yo a, epi li gen pou l benefisye lè li gen bon modèl pou l swiv. Avèk yon soutyen ki apwopriye, pitit ou a ka reyalize objektif ki enpòtan nan sal klas edikasyon jeneral la ak kanmarad li yo. Sonje, yon elèv pa gen tès li pral pase pou l merite plas li a pou l resevwa edikasyon nan yon klas edikasyon jeneral, epi ekip plan edikasyon endividyèl la kapab planifye soutyen ki espesyalize nan anviwònman ki gen mwens restriksyon yo.

Senaryo #3 - Mwen t a renmen travay ak pitit mwen an lakay nou, pou favorize aprantisaj, patisipasyon ak endepandans li, men mwen bezwen plis enfòmasyon.

Konsidere sa: Mande lekòl pitit ou a oswa distri eskolè a enfòmasyon sou atelye oswa materyèl ki baze sou rechèch, ki konsène soutyen edikatif ak konpòtmantal, kominikasyon, defans yon moun bay pwòp tèt li, oswa lòt sijè ou gen enterè pou yo.